



**North Carolina Department of Commerce  
Division of Employment Security  
Unemployment Insurance**



999999

## **Check Reissued Claimant Cashed Original**

Dat Postaj: 24 Fevriye 2017

JOHN DOE  
888 North 10th Street  
Siler City, NC 27344

NI Reklamatè: 1234567

Divizyon Sekirite Travay (DES) la mennen yon odit sou reklamasyon w lan konsènan avantaj asirans chomaj epi detèmine ou te rive siyen yon afidavi ki di ou pa te resevwa chèk avantaj ou ki nimewote # 784397-2385 pou fen semèn 1 Janvye 2001 an. Debouche a se yon chèk nan montan \$867.98 dola ki te soti pou ou. Sepandan, sa te revele ou te resevwa pèman pou fen semèn 1 Janvye 2001.

Resoti pèman an te vin tonbe nan yon pèman anplis pou avantaj ou yo nan tarif \$867.98.

Balans pou pèman anplis la dwe remèt bay DES daprè N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(2). Refoulman pèman an kapab fèt ak Visa oswa MasterCard sou sitentènèt Divizyon an [xxx.nc.gov](http://xxx.nc.gov) oswa pa chèk oswa kòb-postal bay:

### **DIVIZYON SEKIRITE TRAVAY NAN NC**

Rantre non w ak kat dènye chif ki nan Nimewo Sekirite Sosyal ou a sou chak chèk oswa kòb-postal epi

Poste pèman an voye bay:      North Carolina Division of Employment Security  
    Benefits Integrity  
    Post Office Box 25903  
    Raleigh, NC 27611-5903

Yon kontra pèman kapab fèt ansam avèk DES pou refoule balans pèman anplis ou a. Ou kapab kontakte Seksyon Divizyon an genyen sou Totalite Avantaj yo pou jwenn èd avèk yon kontra pèman.

**DWA D APÈL:** Rezolisyon sa a pral tounen dènye a amwenske Dwa D Apèl fè yon entèpelasyon nan dat ki afiche piwo a. Enfòmasyon sou entèpelasyon detèminasyon sa a rantre nan bwochi ki kachte a.

### **REKOUVREMAN PÈMAN ANPLIS**


Ann akò ak N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(3), Divizyon an kapab kolekte pèman anplis pa youn oswa plizyè nan mwayen sila yo:

#### **Taks Konpanse**

Divizyon an kapab kolekte atravè Rambousman Taks Federal, Rambousman Taks Eta oswa Gany Bòlèt.

#### **Avantaj Konpanse**

Pèman anplis kapab dedui nan kèlkelanswa pwochèn avantaj ki konsène w. Yon maksimòm 50 pouzan montan avantaj chak semèn ou an kapab dedui jiskaske pèman anplis la bout oubyen jiskaske dwa w kaba, kèlkelanswa sa ki vin anvan.



## Aksyon Sivik

Aksyon Sivik kapab rive kolekte valè montan pèman anplis ki dwe a nan non Divizyon an epi bil pou onore efò sa a ap vin jwenn ou.

## Privilèj Byen

Si ranbousman pèman anplis la pa fèt nan 30 jou aprè avi, Divizyon an ka konfime menm bagay la tou bay grefye tribunal eta kote ou rete a oswa ou gen byen an, kidonk yon jijman ap fèt kont kèlkelanswa byen ou posede pou sibi poze-sele.

## DISPANS FAS AK PÈMAN ANPLIS

Jan sa mansyone nan N.C. Gen. Stat. § 96-4(w), Divizyon an kapab padone an pati oswa totalman, gras ak yon koz ki bonjan fonde, kèlkelanswa pèman anplis ki klase nan kategori pa-frod. Ou kapab soumèt yon demand pou mande yon dispans de pèman anplis yon sèl fwa. Demand ou dwe alekri, li dwe endike nan ki filyè epi tou li sipoze akonpaye ak tout prèv oswa dokiman ki sipòte demand ou an. Divizyon an p ap konsidere yon petisyon pandan desizyon ki te lakòz pèman anplis la nan pwosesis entèpelasyon. Dwa pou fè yon entèpelasyon kaba kant gen demand pou yon dispans. Matyè ak pwosedi pou depoze demand la fèt sou gouvènay règleman DES 04 NCAC 24B.0701, .0702 ak.0703 ki disponib sou sitentènèt divizyon an nan [xxx.nc.gov](http://xxx.nc.gov)